



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV "LEKÒL VÈT PWÒP" 59 MILYON DOLA
POU AMELYORE KALITE LÈ AK REDUI EMISYON KABÒN NAN LEKÒL
PRESKOLÈ RIVE 12YÈM YO**

***Lidè edikasyon yo pral konvoke nan otòn pou diskite solisyon sou enèji pwòp,
efikasite enèji ak sante pou plis pase 500 lekòl nan kominote defavorize yo***

***Li sipòte objektif nasyonal Eta New York la nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak
Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) a ki
egen ladan l yon rediksyon 85% nan emisyon gaz a efè sè dis 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te repati jodi a 59 milyon dola pou nouvo inisyativ Lekòl Vèt Pwòp (Clean Green Schools) ki vize fè pwogrese solisyon enèji pwòp ak efikasite enèji ki pral amelyore kalite lè pa anndan ak redui emisyon yo pou plis pase 500 lekòl piblik ak prive preskolè rive 12yèm nan [kominote defavorize](#) yo atravè eta a. Nan kad pwogram lan, Eta a pral konvoke lidè edikasyon yo nan otòn sa a, sa gen ladan sipè-entandan lekòl, administratè ak edikatè yo pou enfòmè sou inisyativ la k ap lanse nan kòmanse 2022 pou rezoud pwoblèm jistis klimatik yo epi kreye anviwònman aprantisaj ki amelyore ak pi sen pou elèv yo. Anons jodi a sipòte objektif nasyonal New York pou yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè sè rive 2050 nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) (Lwa sou Klima).

"Chak timoun merite yon anviwònman aprantisaj ki pwòp ak sen, epi nouvo pwogram sa a pral ede founi sa bay elèv, edikatè ak administratè nou yo nan yon fason ki bay rezilta siyifikatif epi ki kapab repwodui atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen konnen kisa sa ye pou grandi ekspoze ak lè ki pa sen epi nou dwe sa ak timoun nou yo pou nou aji pi byen pase jenerasyon anvan yo epi korije enjistis sa yo".

Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki administre inisyativ Lekòl Vèt Pwòp la pral bay sipò teknik, finansye ak resous imen pou ede lekòl nan zòn defavorize yo evalye, planifye ak aplike pwojè sou efikasite enèji ak chofaj ak klimatizasyon pwòp pou benefisye Nouyòkè ki pi vilnerab yo.

Inisyativ la pral bay yon seri zouti, sa gen ladan analiz konparatif, jesyon enèji, evalyasyon kalite lè pa anndan, sipò pou mete an sèvis, angajman elèv nan enèji pwòp

ak opòtinite pou devlopman pwofesyonèl konsènan enèji pwòp ak dirabilite ansanm ak de faz ankourajman konpetitif pou amelyorasyon konstriksyon pwòp nan lekòl yo.

Se Gouvènè Adjwen Brian Benjamin ki te fè anons sa jodi a nan Erico Fermi School nan Yonkers.

"Pandan twò lontan, timoun yo nan kominote ki pi defavorize nan New York yo te fè fas ak ekspozisyon pèsistan ak pa ekitab nan polisyon lè ki souvan mennen nan rezilta edikatif ak sante ki pa pwopòsyonèl", **Gouvènè Adjwen Brian Benjamin te deklare.** "Jodi a, Eta a ap fè yon lòt gwo pa nan rezoud inegalite sa yo avèk lansman inisyativ Lekòl Vèt Pwòp nou an ki pral bay distri lekòl yo finansman ak resous yo bezwen pou asire salklas yo sekirite ak sen epi opòtinite pou eksplorasyon ak devlopman karyè."

Pou kreye yon baz konesans ki pral ede lanse pwogram lan an 2022, inisyativ la pral rasanble lidè edikasyon yo otòn sa a pou diskite opòtinite atravè pwogram sa a avèk ekspè bilding sou efikasite enèji ak fèb emisyon kabòn ki soti nan [Getting to Zero Forum](#), [NYSERDA](#) ak [New Buildings Institute \(NBI\)](#). Inisyativ la pral ofri finansman pou sèvis ki pral ede lekòl yo evalye, planifye ak fasilite pwojè sou rediksyon enèji, pwojè sou enèji pwòp ak pwojè sou kalite lè pa anndan ak sipòte pwojè dekarbonizasyon bilding yo. Finansman anplis pral bay pou kreye opòtinite aprantisaj ki baze sou pwojè pou fè pwogrese pakou karyè sou enèji pwòp, estaj ak bous detid pou etidyan ak pwofesè.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Pwogram sa a pral ede amelyore sante elèv ak pwodikтивite nan bay pi bon kalite lè pandan l ap ede administratè yo bese depans enèji yo atravè amelyorasyon efikasite nan enèji yo. NYSERDA eksite pou opòtinite pou apwofondi avèk patnè edikatif ak sou enèji pwòp yo pou konstwi pwogram sa a nan fason ki pi efikas la pou benefisye non sèlman elèv ak pwofesè jenerasyon jodi a men tou sila alavni yo".

Eta New York gen plis pase 6,000 lekòl piblik ak prive kindègadenn rive 12yèm ki depanse anviwon 1 milya dola nan depans pou enèji anyèl ki pwodui anviwon 5.6 milyon tòn metrik kabòn dyoksid oswa lòt gaz a efè sè ki danjere. Anviwon 1,900 nan lekòl sa yo sitiye nan kominote ki defavorize yo atravè Eta a.

Komisè Depatman Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Tout timoun merite ale lekòl nan yon bilding ki gen yon anviwònman aprantisaj ki sekirite, sen ak akeyan. Nan investi nan solisyon enèji pwòp ak efikas nan enèji pou lekòl nou yo nan kominote defavorize yo, elèv yo nan bilding lekòl sa yo pral viv dirabilite anviwòmantal la dirèk".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Kòm Lidè Sena a, mwen felisite Gouvènè Hochul ak Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, pou inisyativ Lekòl Vèt Pwòp yo. Ansanm, n ap travay pou amelyore kalite lè, redui emisyon ak pwoteje sante timoun nou yo pou plizyè jenerasyon alavni".

Prezidan Komite Enèji Sena a, Kevin Parker, te deklare, "Inisyativ Lekòl Vèt Pwòp yo pral asire nou kreye yon anviwònman ki sekirite pou elèv yo aprann nan amelyore kalite lè pa anndan nan bilding lekòl yo. Mwen remèsye biwo Gouvènè a ak NYSERDA dèske yo fè lekòl nan kominote defavorize yo yon priyorite kote pousantaj opresyon yo pi wo pami elèv yo. Se yon etap nan bon direksyon an pandan n ap travay pou asire jistis anviwòmantal pou tout moun nan Eta a."

Senatè Shelley B. Mayer te deklare, "Kòm Prezidan Komite Edikasyon an, mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul ak Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, pou angajman yo pou travay avèk sila yo ki enterese nan edikasyon pou amelyore kalite lè pa anndan, redui emisyon ak ranfòse angajman nou pou rezistans ak klima nan bilding lekòl yo atravè Eta New York".

Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy Committee) Michael Cusick, te deklare, "Pandan elèv nou yo ap retounen lekòl, sante ak sekirite yo se premye priyorite nou. Pandan n ap konsantre prensipalman sou pwoteje elèv nou yo kont COVID, li obligatwa pou nou travay tou pou amelyore kalite lè nan lekòl nou yo. Redui emisyon yo ak envesti nan efikasite enèji nan bilding lekòl nou yo pral pwoteje byennèt elèv nou yo epi kontribiye nan misyon eta nou an pou atenn objektif sou enèji ak klima ki anbisye nou an".

Komite Edikasyon Asanble a, Chair Michael R. Benedetto, te deklare, "Sa se yon gran viktwa pou lekòl, anviwònman ak timoun yo nan Eta New York. Nou espere se apèn yon kòmansman nan yon nouvo direksyon pou Eta a pou yon anviwònman ki pi vèt ak pi adapte alavni".

Doktè Edwin M. Quezada, ki se Sipè-Entandan Yonkers Public Schools, te deklare, "Pa gen anyen ki pi enpòtan pase yon anviwònman aprantisaj sekirite ak sen pou elèv ak pèsònèl nou an. Se pou sa n ap efòse nou chak nou nan Yonkers. Sa kapab difisil lè 88% nan lekòl nou gen plis pase 50 ane ak 33% gen plis pase san ane. Fanmi Yonkers yo, pi enpòtan toujou, 27,000 timoun Yonkers yo kote 77% defavorize ekonomikman, akeyi opòtinite pou akselere solisyon modèn sou enèji pwòp ak efikas ki nesèsè nan lekòl nou yo. Nou apresye ke Eta New York ap chèche kontribisyon edikatè yo pou devlope solisyon sa yo pou amelyore anviwònman edikatif la ak pèmèt elèv yo pwospere".

Direktè Egzekitif Alyans Jistis Anviwòmantal Vil New York la (New York City Environmental Justice Alliance), Eddie Bautista, te deklare, "Ankouraje lekòl vèt ak sen nan kominote defavorize ak premye liy yo se yon eleman fondamantal pou abòde enpak chanjman klimatik ak istwa mank envestisman nan kominote nou yo ak amelyore rezilta sante ak edikatif pou timoun nou yo. Nou eksite pou nou wè Gouvènè Hochul ak administrasyon li an kòmans abòde nesèsite kominote nou yo epi enpasyan pou kòmans travay avèk NYSERDA nan devlopman inisyativ sa a".

Maritza Silva-Farrell, Direktè Egzekitif ALIGN lan, te deklare, "Chemen pou rekipasyon New York la dwe priyore timoun nou yo ak avni yo. Plan pou envesti

nan enstalasyon pano solè ak sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon) nan lekòl yo ki sitiye nan kominote defavorize yo se yon pa an avan nan bon direksyon an. Li pral amelyore kalite lè, edikasyon ak sante pandan l ap kreye travay sendika ki vize karyè pou Nouyòkè yo. Nou aplodi plan Gouvènè Hochul la pou mete nou pi pre lekòl vèt ki sen".

Direktè Egzekitif Climate Jobs NY la, Jeff Vockrodt, te deklare, "Nou kontan wè etap enpòtan NYSERDA sa a pou fè avanse renovasyon lekòl ak pano solè, priorize kominote defavorize yo epi nou enpasyan pou nou travay avèk administrasyon Hochul la pou asire pwojè sa yo kreye travay ak karyè sendikal ki sipòte kominote ak fanmi. Inisyativ NYSERDA a kapab modelize pi bon pratik yo pou odit enèji, renovasyon nan tout bilding ak pano solè epi investi nan lekòl prezante yon opòtinite konsa. Si nou renove bilding lekòl yo nan Vil New York, pa egzanp, jan kanpay Lekòl San Kabòn ak Sen nou an defann, nou ka ekonomize lekòl yo 70 milyon dola chak ane nan depans enèji, fè lekòl yo pi sen ak pi sekirite pou timoun ak kominote lekòl la, epi kreye plizyè milye bon travay sendikal. Se yon efò ke tout moun -- sendika, paran, pwofesè, elèv, lidè kominote -- kapab sipòte".

Brian Cechnicki, Direktè Egzekitif, Asosyasyon Responsab Biznis Lekòl (Association of School Business Officials), te deklare, "Nou eksite konsènan Inisyativ Lekòl Vèt Pwòp la ke NYSERDA pwopoze jodi a. Bay etablisman ki pwòp ak dirab se yon fonksyon santral biznis edikasyon an. Manm nou yo konprann enpòtans enfrastruktir, espesyalman nan distri ki gen gwo nesesite nan eta a epi amelyore etablisman yo se yon priyorite alontèm asosyasyon nou an. Nou remèsye NYSERDA dèske li bay opòtinite sa a pou distri lekòl defavorize yo epi espere travay sa a ap yon modèl pou lavni".

Rahwa Ghirmatzion, ki se Direktris Egzekitiv PUSH Buffalo, te deklare, "Kathy Hochul sanble konprann ijans fewòs moman an lè sa gen pou wè ak abòde kriz klimatik la. Nou aplodi Gouvènè a ak ekip NYSERDA a dèske y ap fè avanse yon nouvo pwogram ki pral finanse efò adaptasyon ak rezistans nan lekòl premye liy, ki gen revni fèb. Li pral enpòtan pou gen transparans, responsabilite ak patenarya kominotè nan konsepsyon ak aplikasyon pwogram lan nan nivo lokal yo".

Anplis de efò sa a, lekòl yo ka elijib pou pwogram efikasite enèji ak dekarbonizasyon ki konsantre sou lekòl ki lanse, sa gen ladan [Lekòl preskolè rive 12yèm: Pwogram analiz konparatif](#), [lekòl preskolè rive 12 yèm: Pwogram Solisyon Enèji Vèt ak Pwòp](#) ak [Pwojeksyon Teknoloji Chofaj ak Klimatizasyon Pwòp](#) ki disponib gratis pou lekòl ki elijib yo pou evalye enstalasyon ponp chofaj jewotèmik (GSHP), ponp chofaj ayewotèmik (ASHP) oswa sistèm ki gen debi refrijèran ki varyab (VRF). NYSERDA priorize tou kalite lè anndan ki amelyore ak dirabilite anviwònmantral atravè elektrifikasyon bilding ak amelyorasyon nan efikasite enèji pou amelyore sante nan yon seri bilding piblik ak prive nan eta a atravè yon patenarya avèk Sosyete Enjenyè Ameriken sou Chofaj, Refrijèrasyon ak Klimatizasyon (American Society of Heating, Refrigerating and Air Conditioning Engineers, ASHRAE).

Bilding yo se youn nan pi gwo sous emisyon gaz efè sè nan Eta New York la, e entegre mezi elektrifikasyon ak efikasite enèji nan bilding ki egziste deja yo pral redui polisyon ak kabòn nan e ede nan reyalize bilding ki pi dirab, pi sen ak pi konfòtab - avèk COVID-19 ki rann kalite lè pa anndan nan lekòl yo ankò pi enpòtan. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo nan tout Eta a. Lè l amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo epi mete estokaj sou sit yo, enèji renouvlab ak ekipman rechaj veyikil elektrik, Eta a pral diminye polisyon ak kabòn nan epi atenn objektif anbisye pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU rive lane 2025, sa ki ekivo ak kouran pou 1.8 milyon kay, sa ki pral gen kòm rezilta yon 1.8 milya dola adisyonèl nan avantaj sosyal ak anviwònmanal.

Finansman pou inisyativ sa fèt atravè Inisyativ Gas a Efè de Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) ak Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) Eta a ki gen 5.3 milya dola pou 10 zan. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA a.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)